



**Pwogram Fòmasyon  
Asosye Devlòpman Timoun  
(Child Development Associate, CDA)**



# PREPARASYON POU LEKÒL KÒMANSE LA A.



## Kisa yon CDA ye?

Asosyasyon Devlopman Timoun (Child Development Associate oswa CDA) se yon moun ki kapab satisfè bezwen espesifik timoun epi ki, ak ansanm ak paran oswa lòt adilt, travay pou soutni kwasans fizik, sosyo-emosyonèl ak entèlektyèl yon timoun nan yon kad devlopman. Yo bay gadri ak vizitè kay yo Sètifikasyon CDA lè yo demontre kapasite yo pou travay ak jenn timoun ak fanmi yo apre yo pase pwosesis evalyasyon CDA a.

## Kisa Fòmasyon CDA Pou Tibebe/Timoun Piti, Lekòl Pre-Matènèl, ak Gadri pou Fanmi a ye?

Edikatè ki te satisfè kondisyon yo epi ki te soumèt dokiman ki nesèsè yo pral patisipe nan fòmasyon ki gen ladan enskripsyon nan Entwodiksyon Konsènan CDA. Apre yo fini ak Entwodiksyon Konsènan CDA, edikatè yo pral patisipe nan fòmasyon ki gen ladan yon estaj ak enskripsyon nan klas Pòtfolyo Resous CDA Pwofesyonèl la. Edikatè yo dwe gen konesans ak demontre konpetans nan devlopman timoun piti, ofri yon anviwònman aprantisaj ki an sekirite ak pwoteje sante timoun yo epi devlope metòd pou kominike avèk efikasite avèk timoun, paran yo ak lòt manm pèsònèl yo.



## Enfòmasyon sou ABCD

Yon òganizasyon sèvis sosyal nan Massachusetts ki pa la pou fè pwofi, ABCD bay moun revni ba k ap viv nan zòn Boston ak Mystic Valley yo zouti, sipò, ak resous yo bezwen pou soti nan pòvrete pou yo vin kanpe sou de pye yo, epi soti sou de pye yo pou yo ka reyisi nan lavi yo. Chak ane, nou sèvi plis pase 100,000 endividi, moun aje, ak fanmi ak plizyè sèvis inovatif ansanm ak pwogram sèvis ki la lontan epi nou gen prè yo mache. Depi plis pase 50 tan, ABCD gen rasin li fon nan chak katye nou sèvi, kote nou bay endividi ak fanmi yo jarèt ak kore yo nan demach pou yo viv ak diyite ak reyalite tout potansyèl yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale sou [bostonabcd.org](http://bostonabcd.org).

*Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri rele*

**Kowòdonatè Devlopman  
Pwofesyonèl ak Avansman Karyè**  
617.348.6295

**Asistan Devlopman Pwofesyonèl**  
617.348.6297

# Ki kondisyon mwen bezwen anvan m ap ka enskri nan pwogram fòmasyon an?

*\*Urban College of Boston bay kredi pou klas CDA ABCD Head Start yo. Ou k a itilize kredi sa yo pou yon Degre Dezan nan Edikasyon Timoun Piti.*

## **Klas ou bezwen pran avan**

- Child Growth and Development (Kwasans ak Devlopman Timoun)

## **Lòt Kou Travay nou Rekòmande**

- Yon lòt klas sou timoun piti (tankou Observing and Recording (Obsève ak Anrejistre), Guidance and Discipline (Gid ak Disiplin), ECE Curriculum (Pwogram EDE) ak yon klas redaksyon (Angle 100 oswa pi wo)

## **Kou Travay CDA yo**

- Introduction to CDA (Entwodiksyon Konsènan CDA) (3 kredi)
- Professional CDA Resource Portfolio (Pòtfolyo Resous CDA Pwofesyonèl) (3 kredi)
- Estaj CDA I ak 2 (6 kredi)

## **Estaj Sipèvize**

- Chak etidyan ap resevwa yon minimòm uit (8) vizit nan sit nan men yon Antrenè CDA, epi l ap gen travay pou li fè apre chak vizit nan sit.



# Kisa Pwogram Sètifikasyon Nasyonal CDA a ye?



## Pwogram Sètifikasyon Nasyonal Asosye Devlòpman Timoun (Child Development Associate, CDA)

**Pwogram Asosye Devlòpman Timoun (Child Development Associate, CDA)** nan reprezante yon efò nasyonal pou gen pwofesyonèl nan swen ak aprantisaj timoun piti k ap travay ak timoun depi yo fèt jiskaske yo gen 5 kan gen sètifikasyon ak kalifikasyon.

Pwofesyonèl nan swen ak aprantisaj timoun piti sa yo, ki rele Asosye Devlòpman timoun, montre kapasite yo pou soutni kwasans fizik, sosyo-emosyonèl ak entèlektiyèl yon timoun nan yon kad devlòpman. Kèk nan yo se edikatè k ap travay nan sant, gen nan yon ki se gadri pou fanmi, epi kèk nan yo se vizitè nan kay. Prèw konpetans yo se Sètifikasyon CDA.

**Pwogram Fòmasyon CDC Head Start ABCD** la te devlope yon pwogram fòmasyon pou satisfè bezwen edikatè nou yo. Rekritman fè chak ane pou idantifye edikatè ki ta renmen genyen Sètifikasyon CDA a. Pwogram Fòmasyon CDA a travay ansanm avèk chak edikatè CDA pou devlope yon plan fòmasyon. Pwosesis evalyasyon sa a mete edikatè a nan nivo fòmasyon ki apwopriye an.

Yon edikatè kapab resevwa yon CDA sèlman lè li fin pran klas pwofesyonèl fondamantal espesifik yo, li fè yon estaj sipèvize, ak lè yo soumèt dokiman ki montre konpetans li bay Konsèy la pou Rekonesans Pwofesyonèl. Pwogram fòmasyon nou an pral prepare w pou resevwa yon Sètifikasyon CDA. Sepandan, ou dwe pran yon angajman pou devlòpman pèsònèl ak pwofesyonèl ou pou reyalize objektif sa a.

---

# Obsèvasyon



**OU KAPAB  
DIFERANS LA.**

---

# PREPARASYON POU LEKÒL KÒMANSE LA A.

**Yvette Rodriguez**

*Vis Prezidan,*

*ABCD Head Start ak Sèvis pou Timoun*

***Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte:***

**Kowòdonatè Devlòpman**

**Pwofesyonèl ak Avansman Karyè**

617.348.6295

**Asistan Devlòpman Pwofesyonèl**

617.348.6297



Head Start & Children's Services



Educator Provider Support  
Region 6

**ABCD Head Start ak Sèvis pou Timoun se yon pwogram Action for Boston  
Community Development (Aksyon pou Devlòpman Kominote nan Boston)**

178 Tremont Street • Boston, MA 02111 • 617.348.6000 • [bostonabcd.org](http://bostonabcd.org)